WIKIPÉDIA

Basa Ibrani

Basa Ibrani (עברית, *'Ivrit*) iku basa Semitik saka rumpun basa Afro-Asia kang saiki dipituturaké déning punjul 7 yuta jiwa ing Israèl lan sacacahing wong sajeroning komunitas Yahudi saubenging donya. Ing Israèl, basa iki basa nagara *de facto* lan salah sijining basa resmi. Basa resmi sijiné ya iku basa Arab. Ing Israèl basa Ibrani dipituturaké déning mayoritas kang ndunungi nagara iki.

Basa Ibrani (עברית [I'vrit])	
Dipituturaké ing:	Israèl
Cacahé penutur:	7 yuta jiwa
Urutan kaping:	*ora ing tataran 100 gedhé*
Rumpun basa Klasifikasi:	Afro-Asia Semitik Basa Kanaanit **Ibrani**
Status resmi	
Basa resmi:	Israèl
Diatur déning:	Akademi Basa Ibrani
Kodhe Basa	
ISO 639-1	he
ISO 639-2	heb
SIL	HBR

Sajarah cekak

Intisarining Tanakh (Alkitab Ibrani תנ"ך) iku tinulis ing basa Ibrani Klasik, lan akèh kang dhapuré ditilasaké nganti saiki iku mligi dhialèk Ibrani Alkitab kang naté tumuwuh sakiwa-tengené abad kaping 6 SM, nyedhaki Pangguwangan Babilonia. Amerga iki basa Ibrani wiwit mbiyèn diarani *Leshôn Ha-Kôdesh* (לשון הקודש), "Basa Kudus", déning wong-wong Yahudi.

Mayoritas para nimpuna basa sarujuk yèn sawisé abad kaping 6 SM, nalika Kakaisaran Neo-Babilonia mbedhah Yerusalem lan ngguwang kang ndunungi menyang Babilon lan Sirus Agung, utawa Maharaja Pèrsi maringi idin pareng mulih, basa Ibrani Alkitab kang katulis ing Alkitab ing panggunan sadina-dina diganti déning dhialèk-dhialèk anyar Ibrani lan siji vèrsi lokal basa Aram. Sawisé abad kaping 2, nalika Kakaisaran Romawi mbuwang kang ndunungi Yahudi saka Yerusalem lan pérangan-pérangan nagara Bar Kokhba, basa Ibrani angangsur-angsur ilang ora dadi basa kang dipituturaké manèh nanging tetep dadi basa sastra wigati. Layang-layang, kontrak, dagang, sains, filsafat, kadhokteran, tembang, lan undhang-undhang tetep tinulis ing basa Ibrani kang miwiti nyerep lan nyilih tembung-tembung saka basa liya lan inovasi tembung anyar.

Basa Ibrani salawasé 2.000 taunan dadi basa tinulis waé kang digunakaké déning komunitas Yahudi sadonya nganti dicoba digunakaké dadi basa lésan manèh ing pungkasan abad kaping 19 ing Palèstina déning pangudiné Eliezer Ben-Yehuda, siji aktivis Yahudi kang dudu nimpuna basa. Ben-Yehuda iku Zionis. Nalika iku Palèstina kang kala semana siji provinsi Turki Ottoman, ditekani wong-wong Yahudi kang ngungsi saka Éropah. Para pangungsi iki mituturaké basa kang séjé-séjé, kaya ta basa Yiddish lan basa Rusia, dadi siji basa panunggal diprelokaké.

Basa Ibrani banjur digunakaké manèh lan ditambah-tambahi tetembungan saka basa-basa Éropah, mligi basa Rusia, basa Jerman, lan basa Prancis. Saliyané iku mligi Ben-Yehuda uga nambah-nambahi tetembungan saka basa Arab kang isih kerabat. Sawisé iku basa Ibrani dadi basa resmi ing Laladan Mandat Britania Palestina ing taun 1921 karo basa Arab lan basa Inggris. Banjur ing taun 1948 nalika nagara Israèl diproklamasèkaké, basa Ibrani dadi basa resmi Nagara Israèl.

Aksara Ibrani

Aksara	Jeneng	Uni	Transkripsi
א	Alef	/'/	
ב	Beth	/b/ /v/	b
ג	Gimmel	/g/	g
ד	Dalet	/d/	d
ה	He	/h/	h
ו	Waw	/v/	v
ז	Zayin	/z/	z
ח	Kheth	/x/	kh
ט	Thet	/t/	t
י	Yod	/y/	y
ך כ	Kaf	/k/ /kh/	k
ל	Lamed	/l/	l
ם מ	Mem	/m/	m
ן נ	Nun	/n/	n
ס	Sammeg	/s/	s
ע	'Ain	/?/	'
ף פ	Pe	/p/ /f/	p
ץ צ	Tsade	/ts/	ts
ק	Qaf	/q/	q
ר	Resy	/r/	r
ש	Syin	/sy/ /s/	sy
ת	Taf	/t/	t

Abjad Ibrani kasusun saka 22 aksara. Tèks Ibrani kuna iku ditulis gundhul tanpa swara.

Bibliografi

- Zuckermann, Ghil'ad (2003), *Language Contact and Lexical Enrichment in Israeli Hebrew*, Palgrave Macmillan (https://www.palgrave.com/gp/book/9781403917232) (ISBN

9781403917232)

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Ibrani&oldid=1453683"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 04.59, 24 Sèptèmber 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.